


KRISTU AKAZIVISWA

WEMAZERA OSE

 Magwaro mashoma pano andiri kuda kutaura nezvawo manheru ano. Ndanga ndichifunga pamusoro pechidzidzo chezvatavinga pano. Ndinoda kuverenga chikamu cheGwaro, zvinova zvandinotenda kuti wese, musangano wese, unofanira kuva neShoko raMwari rinoverengwa mauri. Nekuti, ndinoziva kuti Vanogona kusangana nesu tisina hedu kuverenga Shoko, asi ndinoty zvikuru kuti ndinozokanganisa. Saka kana ndikaverenga Shoko raVo, ndinoziva kuti hamuna kukanganisa maRiri. Saka ndi—ndinoverenga Shoko raVo, zvino ndobva ndaziva kuti chimwe chinhu chichabuda mumusangano uyu, nekuda kwekuverengwa kweShoko raVo.

² Uye naizvozvo, tichiisa pfungwa yedu paRugwaro rwatichaverenga, imwe nzvimbo yacho inowanikwa muna Mutsvene Johane, chitsauko 10, kutanga nevhesi 32 ne 39, kusanganisira neacho ari pakati; tevere rugwaro rwekare rwunozivikanwa, VaHebheru 13:8. Zvino muna Mutsvene Johane, chitsauko 10, kutanga nevhesi 32, tinoverenga izvi.

Zvino Jesu akavapindura akati, Ndakakuratidzai mabasa mazhinji akanaka akabva kuna Baba vangu; ndeapi pamabasa iwayo amunonditakira namabwe?

VaJudha vakamupindura, vachiti, Hatikutakiri basa rakanaka; asi nokuda kwekumhura; uye nokuti . . . iwe, zvauri munhu, unozviita Mwari.

Jesu akavapindura akati, Hazvina kunyorwa here mumurairo wenyu, Ndakati, Muri vanamwari?

Zvino kana akavaidza vanamwari, avo vakavingwa neshoko raMwari, uye magwaro haagoni kuputswa;

Imi moti seiko kuna iye, uyo akaitwa mutsvene naBaba, nokutumwa panyika, Unomhura; nekuti ndati, Ndiri Mwanakomana waMwari?

Kana ndisingaiti mabasa aBaba vangu, regai kunditenda ini.

Asi kana ndichiaita, kunyange musinganditendi ini, tendai mabasa: kuti mugoziva, nokutenda, kuti Baba vari mandiri, neni ndiri mavari.

Naizvozvo vakatsvakazve kumubata: asi akapukunyuka kubva mumaoko avo.

³ Zvino muna VaHebheru, chitsauko 13 uye ndima 8.

Jesu Kristu mumwe chete *zuro...nhasi,*
nokusingaperi.

⁴ Ngatinamatei. Baba voKudenga, chenesai mutumwa manheru ano, Ishe, kuMharidzo, uye nemuteereri weShoko, nokuti tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

⁵ Zvino tichisvika pachidzidzo ichi, chinongova chidzidzo chidiki chenguva dzose pahusiku hwekutanga, kuti tizivane, ndinoda kutora chidzidzo, i...*Kristu Akaziviswa Wemazera Ose.*

⁶ Zvino Bhuku raVaHebheru pano rinotiudza kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

⁷ Uye tinoverenga muBhaibheri pano kuti maJudha aya vaiMubvunza. Tinoona kuti maGiriki akaMubvunza. Uye mubvunzo waingogara uripo. Imhaka yekuti vanhu vazhinji vane dudziro dzakasiyana-siyana pamusoro paKe.

⁸ Hapana akambonzwa nezvaKe akasashuvira kuMuona. Ndine chokwadi chekuti kana ndikakwanisa kubvunza manheru ano, “Vangani venyu vanoda kuona Jesu?” ruoko rwose rwunotosimuka. Hapana mu—hapana munhu akambonzwa nezvaKe akasarega kuda kutoMuona.

⁹ Pane chimwe chinhu pamusoro kunyangwe neZita raKe, chinongo...chinongonyatsotibata. Pane chimwe chinhu pariri chinodakadza moyo wedu, kungonzwa Zita iroro, Jesu. Nekuti, muZita iroro tine kuregererwa kwechivi, tine rudzikinuro rweedu, nokuti mhuri yose iri Kudenga icha...ichatakura Zita iroro. Uye saka isu...Mwari vachitora Zita iri remunhu kuti riiswe paVari paVakaratidzwa munyama. IZita rinoshamisa zvikuru!

¹⁰ Zvino tiri—tiri kufunga nezvaVo vari vakuru kwazvo! Uye zvichidzika nemumazera ose, munhu wese akachemera kuona Mwari. Zvino dambudziko racho, kubvira panguva yaJobho...

¹¹ Ndinofunga kuti Jobho anotorwa serimwe remaBhuku ekaresa emuBhaibheri. Rakangoiswa mukati. Rakanyorwa panguva yaMosesi, Mosesi achinyora mabhuku 4 e—ekutanga.

¹² Zvino tinotenda kuti—kuti Jobho, imomo, akadanidzira imwe nguva, “Dai ndaingogona bedzi kuVaona! Dai ndaiziva kwandingagona kuenda kumba kwaVo! Ndinoda kudaro,” nemamwe mashoko, “ndogodza pamusuwo waVo.”

¹³ Tose tinoziva kuti takabva kune imwe nzvimbo. Tiri seri kwechimwe chidzitiro icho isu...Pane chimwe chinhu matiri, chinonanavira chimwe chinhu, izvo zvatinoziva kuti takabva kune imwe nzvimbo. Hatigone kuva sezvatiri pasina chimwe chinhu chiri shure kwedu chakatiumba.

¹⁴ Wachi yangu hayaigona kunge yakangoitika. Chero ani zvake ane pfungwa dzavo dzakakwana anotoziva kuti wachi iyoyo, matombo anokosha, nekuchengetwa kwenguva,

nemafambiro acho, nemaspring, ne—nezvinongedzo, hazvaigona kunge zvakangoitika. Hazvigoneki kuti zvingoitika.

¹⁵ Tarisai zvimwe zvisikwa zvose, kuti zvakarongwa sei pamwe chete. Tinoziva kuti hazvaigona kunge zvakangoitika. Munhu atori mukuru kwazvo kupfuura wachi! Munhu akagadzira wachi, akaipa kuchengetwa kwenguva yayo, ndokuibatandiza. Saka kana zvisingagoneke kuti wachi iyoyo ive yakangoitika, zvikuru zvakadii kuti iwe neni tongoerekana tava pano? Panofanira kuva nemusiki shure kwedu. Kana tikatarisa zvisikwa zvaVo zvikuru, mafambiro azvinoita, uye namararamiro aVanoita mazviri, vanogara mazviri.

¹⁶ Tinocherechedza shizha, kuti shizha rakaremba sei pamuti. Uye pakati paNyamavhuvhu, pasina chando kana chimwe chinhu, hupenyu hunobuda mariri hwoenda pasi mumudzi. Shizha rinodonha robva ranyatsodzika pasi pamusoro pevhu. Chii ichocho zvino? Pane humwe Huchenjeri hunotaura kwariri. Muti hauna huchenjeri pachezvawo. Saka hupenyu hunodzika mumudzi wemuti, kuti huhwande kubva kumamiriro ekunze anotonhora. Kana iwo...Kana hukagara kumusoro ikoko, hunozofa, chando chinohuuraya.

¹⁷ Zvino shizha rinoitei? Rinogara pasi roora. Hupenyu hunoitei pahunenge huri mumudzi? Hunosveta huchidzosea zvinhu kubva pashizha rakafa, calcium nechero chinopinda mariri, uye homuka zvakare mupfumvudza, hodzoka panzvimbo yahwo chaipo zvakare, kuunza rimwe shizha. Ichapupu; rufu, kuvigwa nerumuko.

¹⁸ Zuva rinobuda mangwanani, somwana muचेचे azvarwa. 8 kana 9 o'clock rave kuchikoro. 10 o'clock rabuda chikoro. 12 o'clock rave muzera raro repakati. Zvino rinotanga kufa, rofa zvakare robva ranyura kuMadokero. Ndizvo zvose zvaro here? Rinomuka mangwanani anotevera, kuzopupura; hupenyu, rufu, kuvigwa, rumuko. Zvinhu zvose, zvose hazvo, Mwari vanorarama muzvisikwa zvaVo. Vanozviita uye vakazviita nemumazera ose.

¹⁹ Zvino, nzira imwe yoga yatichaona nayo kana Mwari vachiri vapenyu. Tinogona kuVaona muzvisikwa zvaVo, asi Mwari vakamboZviratidza sei kuvanhu kuti...

²⁰ Mumwe munhu anoti, “Saka, Mwari vari kupi? Munotaura zvakawanda pamusoro paVo.”

²¹ MuAfrica, muminda yekuvhangerera ikoko, uye nepakati pe—pemaAfrikaans, vanoshandisa izwi rekuti *amoyah*, rinoreva kuti, “simba risingaoneki,” semhepo. “Mwari wako,” anoti, “Mwari asingaonekwi, A—Akafanana nemhepo. Ndiye simba, asi isu—isu hatiMuoni.”

²² Zvinoka, ndinotenda kuti tinogona kuMuona. Nokuti, tinoona muchitsauko 12 chaMutsvene Johane, mamwe maGiriki akauya kuzoona Jesu, zvino akati, “Madzichangamire, tinodawo

kuona Jesu,” zvino vakaendeswa kwaAri, nemumwe wevadzidzi vaKe. Uye VaHebheru 13:8 yakati, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Uye kana Aikwanisa kutorwa mumazuva ekareko, kuti awonekwe kubudikidza nemumwe wevadzidzi vaKe, ko sei tisingakwanise isu tiri vadzidzi vaKe, manheru ano, kuunza vanotsvaka muHupo hwaKe, kana Ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi? Bhaibheri rinoti Atori, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

²³ Zvino, ndinoziva kuti izvi zvinonzwika sezvisina kutsarukana. Asi kana mukangotsungirira nesu kwemaminiti mashoma, ndinotenda kuti ini, nerubatsiro rwaMwari, neShoko raVo uye maringe neShoko raVo, ndinogona kuVaunza pano chaipo pamberi penyau. Uye zvakare, izvozo, inyaradzo yakadini! Ndizvo zvatavinga pano. Isu Makristu tiri pano kuti tiwane kunyaradzwa, ku—kuunza, kuuya muHupo hwaMwari watinoziva, vanogona kutimutsa sezvaVanoita shizha, vanogona kutidzosa.

²⁴ Ingori ngano here, angori mamwe mashoko akaunganidzwa here, dzingori ngano dzechiJudha here, kana kuti iChokwadi here? Pane kukanganisa kwakawanda, panofanira kunge paine Chokwadi pane imwe nzvimbo. Pane dhora renhema, ndinoti pane rechokwadi rarakagadzirwa kubva pariri. Uye pane kutevedzera kwakawanda, nezvinhu zvakawanda zvatinooona nhasi, panofanira kuva naMwari wechokwadi pane imwe nzvimbo.

²⁵ Zvino kana tisiri kuMushumira, zvino ngatibvei pachinhu chatiri kuita uye toenda kunoMushumira. Nekuti, chaizvoizvo, basa redu rinobatsirei kana pasina zvarinoita? Uye kuperera kwedu haku—hakutibvise pakupomerwa. Vahedheni vakaperera. Vanhu vanonwa carbolic acid dzimwe nguva, vakaperera, vachifunga kuti vari kutora chimwewo chinhu. Kuperera hakuzviiti. Inofanira kunge iri nzira iri raiti, uye neimwe nzira yakashata.

²⁶ Ndinotenda kuti Bhaibheri nderechokwadi. Ndinotenda kuti Shoko raMwari nderechokwadi. Zvino Mwari vanofanira kutonga, [Hama Branham vanogadzirisa pahuro pavo—Mupepeti] (Ndiregerereiwu.) Vanofanira kutonga nyi—nyika nechimwe chinhu.

²⁷ Zvino pandaiva mukomana mudiki, mhuri yangu ndisati ndavepo, kwete baba naamai vangu, asi kumashure kwacho, taiva maIrish kumativi ese, saka, isu, yaiva Katorike uye zvaive zvakatojairika kuti ndizodzokera kuchechi yeKatorike. Saka, baba naamai vangu vakaroorana kunze kwechechi, uye havaienda kuchechi. Uyezve pandakayaruka, zvekuziva kuti kuna Mwari, sevazhinji venyu makaverenga bhuku rangu, nda—ndaiziva kuti kwaiva naMwari pane imwe nzvimbo.

²⁸ Asi zvino, pfungwa yacho ndeyokuti, kana Mwari vachizotonga nyika nechechi, zvino ichava chechi ipi yacho? Kana iri kuzova chechi yeKatorike, saka ndeipi chechi yeKatorike yacho? Roma, Orthodox, kana kuti ndeipi yacho yaVachazoitonga nayo? Kana Vachizoitonga nemaProtestanti, vachaziita here neMethodisti, Baptisti, Pentekosti, Presbyteriani? Ipi yacho? Munoono, pane nyonganyonga yakawandisa.

²⁹ Saka mumwe muchinda anozoti, “Asika, zvinongori . . .” Oo, hongu, zvinodaro. “Hazvina basa, chero bedzi wakaperera.”

³⁰ Bhuku rekutanga muBhaibheri, chakakonzero rufu, hurwere, kusuwa, nechivi, imhaka yekuti munhu mumwe chete haana kutenda Shoko rimwe chete. MuBhuku rekupedzisira reBhaibheri, Mwari mumwe chete, pana Zvakazarurwa 22, akati, “Ani naani achabvisa Shoko rimwe chete, kana kuwedzera shoko rimwe chete kwaRiri, chikamu chake chichabviswa muBhuku reHupenyu.” Saka iroro rinofanira kunge riri Bhuku rekutongesa.

³¹ Zvino tinoona, kuti, “Pakutanga,” Mutsvene Johane 1, “pakutanga kwaiva neShoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu. TakaMuona, uyo akaberekwa ari oga waBaba, kuti Shoko pachezvaRo, Mwari, vakaitwa nyama ndokugara pakati pedu.”

³² VaHebheru 13:8 inoti, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Zvino kana Ari mumwe chete, uye ari Shoko, zvino Shoko rakaZvizivisa sei nemumazera ose? Rinofanira kuZviita nenzira imwe chete nhasi, kuva Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Hapana chimwe kunze kweChokwadi. Iye ndiye Shoko, uye apo . . . kuti Shoko rakaziviswa sei mune mamwe mazera ese, Mwari havaZvishandure, Maraki 1, kana kuti, Maraki 3:6 inoti haVadaro: “Ndiri Mwari, haNdishanduke.”

³³ Saka chaizvo zvaVaive pakutanga, ndizvo zvaVari nhasi. Zvino Vaiva Shoko, kurudzi rwevanhu, pakutanga. Mwari havana kumbobvira vapa rudzi rwevanhu chechi yekumira shure kwayo, havana kumbobvira vavapa chitendwa chekumira shure kwacho. Vakanga vachengetedza munhu neShoko raVo, “Tenda Shoko rino ugorarama!” Ndizvo zvimwe chete nhasi. Uye Kristu ndiye Shoko iroro, “Pakutanga Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakava nyama rikagara pakati pedu.” Zvino, zvaAiva mune mamwe mazera, zvinoka Anofanira kuva zvimwe chetezvo nhasi, kana Akaramba ari mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Izvo, zvandinofunga kuti ndanyatsotsanangura zvakakwana kuti ndiJesu Kristu mumwe chete zuro, nokusingaperi, uye iYe iShoko.

³⁴ Zvino, Jesu akati, “Magwaro haagoni kuputswa.” Magwaro aive echokwadi. Uye Magwaro anotaura, muna Mutsvene Johane 1, kuti, “Shoko rakaitwa nyama, rikagara pakati pedu.” Mwari vakava nyama, muMwanakomana waVo, Jesu Kristu, ndokugara pakati pedu. Muna Mutsvene Johane 10:35, Jesu akadaidza avo vaAkavinga, raive riri Shoko pakutanga kuti, “vaporofita.” Jesu akati pano, “Murawo wenyu chaiwo unokudzidzisa izvozvo, avo vakavingwa neShoko raMwari, uye Shoko raMwari rakauya kuvaporofita.”

³⁵ Zvino VaHebheru, chitsauko 1, inotaura kuti mu...yakati, “Mwari, munguva dzakare,” uye inguva dzakudhara, “nenzira zhinji vakataura kumadzibaba, kubudikidza nevaporofita; muzuva rino rekupedzisira kubudikidza neMwanakomana waVo, Jesu Kristu.” Maona?

³⁶ Zvino, cherechedzai zvino, Mwari! Jesu akataura kuti, “Avo Shoko rakauya kwavari, vakanzi ‘vanamwari,’” vaiva vaporofita. Zvino, kwete kuti munhu pachake aiva Mwari, sezvaingove zviru mutumbi waJesu Kristu kuti waisava Mwari. Aiva munhu, uye Mwari vaiva vakafukidzwa shure kwaKe.

³⁷ Mwari vakagara vachiZvifukidza kubva kune veruzhinji, uye vachiZvizarura kuvanhu vanozovitenda. Mwari! Svondo ino yapfuura, patabhenakeri, ndakaparidza pamusoro pa*Mwari Akaiswa Pachena*. Mwari vakagara vachiZvifukidza seri kwechimwe chinhu, kuitira kuti vanhu venyika yekunze varege kuziva chinhu pamusoro paVo. Asi VanoZvizarura kuvana vaVo nekune avo vari kuda kuuya seri kwechidzitiro ichocho.

³⁸ MuTestamende Yekare maiva nematehwe ematenhe aivanza Mwari. Vaiva muKubwinya kweShekina. Kwaive seri kwematehwe ematenhe. Vasati vava seri kwematehwe ematenhe, ivo...

³⁹ Shoko raiva muna Mosesi, muporofita. Akakwira pamusoro pegomo. Akanga asangana neShongwe yeMoto, uye Ikataura naye. Akaenda zasi akaita zviratidzo zvemuporofita, akaunza vana veIsraeri kubva muEgipita, kugomo irori. Zvino Mwari vakaburuka ndokuzivisa Mosesi, nokumuunza muShongwe yeMoto iyoyo, ndokuMufukidza. Hapana mumwe munhu aigona kuenda. Hapana munhu aigona kuedza kutevedzera izvozvo, vaisakwanisa kuzviita, vaifa. Vakatora murume mumwe chete, akapinda kuseri kuno, muShongwe yeMoto, achipinda muKubwinya kwaMwari, ndokupinda muKubwinya kweShekina; zvino paakabuda aine Shoko iroro rezera iroro, akanga achinyatsopenya neKubwinya kwaMwari kusvikira akatofukidza chiso chake. Vanhu vakanga vasingagoni kumira vakanyatsomutarisa. Uye ndicho chaiva chifukidzo chepanyama.

⁴⁰ Chii ichocho? Kana munhu akapamura achipinda nemuchidzitiro ichocho, achipinda muKubwinya kweShekina

zvino, nyika inomuti mupengereki. Havaoni kuti chii chisina kumira zvakanaka. Asi kuseri ikoko, hakuna runako rwake. Anogona kusataura mazwi ake nemazvo. Iye—iye anogona kunge asina kunyatsopfeka zvakanaka. Anogona kunge asina kupfeka mbatya dzevafundisi. Anogona kusapfeka nenzira yavanofunga kuti anofanira kupfeka. Zvinogona kudaro, asi, munoono, mukati, seri kwedehwe redenje iroro, seri kweganda iroro remunhu, mukati imomo mune Kubwinya kweShekina, imomo mune simba, imomo mune Shoko, imomo mune chingwa chokuratidza. Uye Kubwinya kweShekina, kunova Chiedza, kunoita Chiedza chinoibvisa tsanga.

⁴¹ Imi vanhu vekuKansas munozviziva izvozvo, nezvirimwa zvenyu zvegorosi. Pasina zuva iroro, hakuzovheneki.

⁴² Uye kusvikira wapinda seri kwedehwe redenje iroro, kusvikira wabuda kubva muganda rako rakare, pfungwa dzako dzakare, zvitendwa zvako zvakare, uye wouya muHupo hwaMwari; zvino Shoko rinova mazvirokwazvo anorarama kwauri, wobva wapeputswa kune Kubwinya kweShekina, zvino Bhaibheri rinobva rava Bhuku idzva, zvino Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Uri kugara muHupo hwaKe, uchidya chingwa chokuratidza chinongopihwa muzuva iroro kuvatendi, vapisita chete. “Uye tiri vapisita, huprisita wehumambo, rudzi rutsvene, vanhu vakasiyana, vanopa zvibairo zvepamweya kuna Mwari.” Asi unofanira kupinda, seri kwechidzitiro, kuti uone Mwari akaiswa pachena. Uye Mwari vanoiswa pachena, ndiro Shoko raVo rinenge raratidzwa.

⁴³ Zvino nhasi tine vanhu vakawanda vanoti, “Zvinoka, isu, *sanhingi-nhingi*, tinoRitenda nenzira *iyi*.” Rimwe boka rinoti, “Isu, *sanhingi-nhingi*, tinoRitenda nenzira *iyi*.” Munoono, unowana dudziro dzakawanda kwazvo!

⁴⁴ Mwari havadi mududziri. Vanodudzira Shoko raVo pachaVo. Bhaibheri rinoti, “Haridi dudziro yepakavanda.” Mwari vanozarura, pachaVo. Vanozviita! Pakutanga, Vakati, “Ngakuve nechiedza,” uye kukava nechiedza. Izvozvo hazvidi chero dudziro. Mwari vakati, “Mhandara ichabata mimba,” yakazviita. Izvozvo hazvidi chero dudziro. Mwari vakati, “Mumazuva ekupedzisira,” Vaizo “durura” waVo “Mweya pamusoro penyama yose,” uye Vakazviita. Izvozvo hazvidi chero dudziro.

⁴⁵ Richiri Shoko! Shoko ndiMwari. Mwari, muzera roga-roga, vakagovera humwe huwandu hweShoko raVo. Uye imomo, tarisai zvaVakaita, Vakatumu mu—muporofita. “Zvino Shoko raShe rinouya kumuporofita.” Muporofita anoRizarura kuungano, uye ungano inoRitenda. Zvino, ipapo, ndiMwari vari kuita basa, Mwari vari kufamba neMweya waVo.

⁴⁶ Zvino tinoona kuti AkaZvizivisa seMwanakomana wemunhu pano, zvino, kuti azadzise. Zvino, paAkauya panyika,

rangarirai, AkaZvzivisa kuvanhu, kunze, AkaZvzivisa seMwanakomana wemunhu. Akauya muzita remwanakomana ka 3; Akauya seMwanakomana wemunhu, Mwanakomana waMwari, Mwanakomana waDhavhidhi. Zvino, *Mwanakomana wemunhu* “muporofita.” Kunyange Jehovha pachaVo vakadana Ezekieri, vakati, “Mwanakomana wemunhu.” Jehovha, vachitaura nemunhu, muporofita, vakamudana kuti, “Mwanakomana wemunhu.” Uye Jesu akaZvzivisa seMwanakomana wemunhu, nekuti Magwaro haagone kutyorwa.

⁴⁷ Muna Dheuteronomio 18:15, Mosesi akati...Mushure mekunge vana veIsraeri vati, “Musarega Mwari vachitaura, zvachose; tinoda kuti Mosesi ataure nesu.”

⁴⁸ Vakati, “Handichatauri navo zvakare saizvozvo, asi Ndichavatumira Muporofita.”

⁴⁹ Muna Dheuteronomio 18:15, akati, “Jhovha Mwari wenyu achasimudza Muporofita akafanana neni.” Uye saka Gwaro iroto harikwanise kutyorwa, Aitofanira kuuya seMwanakomana wemunhu. Zvino zvakanga zviri zvezera raKe, paAkanga ari pano panyika.

⁵⁰ Zvino paAkafa, akamuka, akakwira kumusoro, ndokutumirazve Mweya Mutsvene, uyo akanga ari Mwanakomana waMwari. Mwari Mweya, uye kupfuura nemuZera reChechi anga ari Mwanakomana waMwari.

⁵¹ Uye kwozoti muMireniyamu, ndiMwanakomana waDhavhidhi, agere pachigaro chehushe, achitonga. Akakwira kumusoro. “Uyo anokunda achagara neNi pachigaro chaNgu chehushe, sezvaNdakakunda, uye ndikagara pachigaro chehushe chaBaba vaNgu.” Agere pachigaro chehushe chaBaba iye zvino. Asi muMireniyamu, Anogara pachigaro chehushe chaKe pachaKe, nokuti ndiYe Mwanakomana waDhavhidhi.

⁵² Ndiye Mwanakomana wemunhu, Mwanakomana waMwari, Mwanakomana waDhavhidhi. Munooni, zvakangonyatsokwana.

⁵³ Zvino tinoona kuti, Aifanira kuuya semuporofita. Kusashanduka kweShoko raVo! Mwari havashanduke. Mwari havashanduke, nokuti Vaiva Muporofita aiva muna Josefa. Vaiva Muporofita, Vaiva Mwari muna Josefa. Vaiva Mwari muna Dhavhidhi.

⁵⁴ Tarisai Josefa, akangoratidza hupenyu hwaKristu potse nemazvo, asi akakanganisa, kuratidza kuti akanga asiri iYe. Munhu anokanganisa. Munooni, akaudza Farao, akati... Akaudza baba vake, avo vaiva muporofita, Jakobho, akati, “Munoudza Farao kuti—kuti tiri vafudzi vemombe, nekuti mufudzi wemakwai chinyangadzo kumuEgipita.” Asi baba vacho, Mweya hauna kuvatendera kuti vazviite; vakati,

“Varanda veNyu, vafudzi vemakwai.” Saka munoona Josefa ipapo achikanganisa.

⁵⁵ Dhavhidhi, munhu mukuru, akakanganisa. Murume aive pamwoyo waMwari chaiWo, asi zvakadaro akatora Bhatishbha, achifunga kuti aigona kuzvivanza kubva kuna Mwari wacho chaiye waakanga ashumira, hupenyu hwake hwose, asi Mwari vakamufumura kubudikidza naNatani muporofita. Maona?

⁵⁶ Asi zvakadaro tarisai kuna Dhavhidhi paakanga achibuda, adzingwa kubva pavanhu vake, mambo aive arambwa. Mwanasikana wake chaiye akanga abatwa chibharo nehanzvadzi yake, zvino vamwe vanin’ina vacho vakanga vamuraya. Zvino heunoi uyu, Absaromu akanga asimuka ndokupatsanura mauto, achikonzera chimurenga; zvino Dhavhidhi, baba vake chaivo, vakadzingwa, vakaendeswa, varambwa nevanhu vavo. Vachibuda muguta, kamuchinda kadiki kakaita sekakaremara kachigweshwa ipapo, kachimuseka, uye kachimusvipira mate. Murindi uya akavhomora munondo wake, akati, “Ndicharega here musoro wembwa iyo uri pairi, ichisvipira mambo wangu?”

Dhavhidhi akati, “Musiye akadaro. Mwari vamutaurira kuti azviite.”

⁵⁷ Pasina kupokana, Dhavhidhi akanga asingazive zvaaiita; akafamba achikwira Gomo rimwe chetero reMiorivhi ipapo, ndokutarisa zasi, achichema, mambo aive arambwa. Apo, mazana mashoma emakore mushure maizvozvo, Jesu Kristu akagara pagomo rimwe chetero, Mwanakomana waDhavhidhi, achichema samambo akarambwa, uye vakaMusvipirawo, zvakare.

⁵⁸ Munoona, zvinhu zvose izvi zvakangoratidza Kristu. Aive chikamu chazvo. Mwari havashanduke. Hunhu hwaVo haushanduki. Mazvibatiro aVo haashanduke. Vachiri Shoko, munoona, uye Maraki 3:6 inozviratidza izvozvo. Vanongoshandura chimiro chaVo kuzera rimwe nerimwe. Zera rimwe nerimwe, Vane chikamu chavakagovera cheShoko rakaporofitwa kuti raizoitika mune mamwe mazuva. Zvino, zera iroro parinouya, Mwari vanongopinda mune chimwe chimiro. Munoona, ndiMwari nguva dzose, Shoko, “Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.”

⁵⁹ Zvino muna VaHebheru 4, tinoona, VaHebheru 4:12. Jesu akanyatsoziviswa nemabasa aKe uye nezvaAkaita, nokuti VaHebheru 4:12 inotaura, kuti, “Shoko raMwari rinopinza kudarika munondo unocheka nemativi maviri. Rinonzverawo zvakare pfungwa nezvinangwa zvemoyo.”

⁶⁰ Ndosaka Abrahamama, Murume uyu paakasangana naye, aine guruva pahanzu dzaKe, uye tinoona kuti, Abrahamama paakaona Murume uyu, akaMudana parutivi.

⁶¹ Vaviri vavo vakadzika vakanopinda muSodhoma; mufananidzo wakanaka kwazvo wezuva rino ratiri kurarama mariri, zvino tinowana Billy Graham wechimanjemanje nevamwe vari muSodhoma, vachivabuditsa.

⁶² Tarisai chechi yakasanangurwa, hayo, mbeu chaiyo yaAbrahama. Roti aive mwana wemunin'ina, asi Abrahama. . . Murume uyu haana kumbodzika zasi, Uyo akataura naAbrahama. Zvino paAkataura naAbrahama, Akati, "Abrahama." Zvino rangarirai, zita rake rainzi *Abrama*, mazuva mashoma izvi zvisati zvaitika, uye mudzimai wake aiva *Sara*, kwete Sara.

Zvino Akati, "Abrahama, mudzimai wako Sara, aripi?"

Akati, "Ari mutende, shure kweNyu."

⁶³ Akati, "Ndichakushanyirai maererano nenguva yehupenyu."

Zvino Sara, mumoyo make, akaita sekuseka pamusoro pazvo.

⁶⁴ "Zvino Murume uyu, nemusana waKe wakafuratira tende," Bhaibheri rakati, "akati, 'Ko Sara asekei?' mutende shure kwaKe."

⁶⁵ Zvino Abrahama akadana Murume iyeye kuti "Elohim." *Elohim* ndiye "Uyo Anozviraramira ari oga."

⁶⁶ Zvino izwi reChirungu rekuti *mwari* rinoreva chero chinhu. Mazwi iwayo eChirungu, unofanira kuaongorora, nekuti ane mhando dzose dzepfungwa dzakatsveyamiswa. Mumwe mwari, dhesiki iri rinogona kuva mwari, muti anogona kuva mwari, munhu anogona kuva mwari, chero chinhu hacho chinova mwari, zvinoreva izwi reChirungu rokuti mwari.

⁶⁷ Asi *Elohim* zvinoreva kuti "Anozviraramira ari oga." Panogona chete. . . Dhesiki rino harizviraramisi roga. Munhu haazviraramisi oga. Muti hauzviraramise wega. Asi Elohim anozviraramira ari oga! Uyo Anozviraramira ari oga, achiratidzwa munyama, akamira ipapo, achidya, achinwa mukaka wemhou, achidya nyama, yemhuru, achidya chingwa, nekutaura naAbrahama. Uye Abrahama akati akanga ari "Elohim."

⁶⁸ Zvino Jesu, muna Mutsvene Ruka 17, akati, "Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava apo pakudzoka, apo Mwanakomana wemunhu acharatidzwa." Kwete Mwanakomana waMwari, zvino; "Mwanakomana wemunhu achiratidzwa"! "PaAnenge achizarurwa, achiziviswa kuChechi yaKe, Mwanakomana wemunhu achazarurwa nguva pfupi Mwanakomana wevimbiso asati auya."

⁶⁹ Abrahama akanga aona Mwari muzvimi zvakanwanda zvakasiyana, muChiedza, nemuzviratidzo; asi hevanoi Mwari vari muMunhu, nguva pfupi mwanakomana wevimbiso asati aonekwa.

70 Jesu akati, “Mwanakomana akavimbiswa asati adzoka zvakare, Elohim aizoZviita (Shoko raKe) kuti aratidzwe munyama, Mwari!”

“Madzichangamire, tinodawo kuona Jesu!”

71 Mwari vakaratidza zvimwe chete mumazera ose, zvagara zvakadaro, VakaZvivanza seri kwenyama yemunhu. NdiMwari mauri. “Kwechinguvana nyika haichazoNdionizve, asi imi muchaNdiona. Ndichava nemi.” Atori matiri; Achadaro, kusvika kumagumo, kusvikira Azarurwa muchimiro achibva Kudenga.

72 Shoko raMwari rezera rino, chii chaAkavimbisa zera rino? Kana ukatarisa muBhaibheri uye woona zvakavimbiswa zvezera rino, zvino unoZviona zvichitorarama, Handina basa kuti ndiani anoti Riri raiti kana kuti rakaipa, Riri raiti nokuti ndiMwari vari kududzira Shoko raVo pachaVo.

73 Havadi munhu anotaura kuti, “Saka, mazuva iwayo akapfuura. Hakuna chinhu chakadaro sekupodza kwaMwari. Uye zvose izvozvo kupengereka.” Ha—handizvo! Kana Mwari vakati Vachazviita mune rimwe zera, Vachatozviita. Asi nyaya yacho ndeyekuti, tinopinda mune mamwe maitiro ekare echimwe chinhu chekare-kare, chimwe chikoro chikuru chakudhara-dhara, uye tinoRipotsa.

74 Ndicho chikonzero vakapotsa Jesu paAkauya. Vakanga vachiri kuedza kurarama pasi peMurairo, iro Bhaibheri rakanga razvitaura zvakajeka. . . Pano chaipo, ndichaRiverenga, Akati, “Nzverai Magwaro, maAri munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, uye ndiWo aCho anopupura nezvaNgu. Kana Magwaro akasapupura nezvaNgu, zvino zvakatsveyama.” Zvirokwazvo vangadai vakaona mhandara ichizobata mimba! Zvirokwazvo Akanga ari mhinduro yakakwana kuMagwaro! Isu Makristu tinozvitenda zvino.

75 Asi zvaizobatsirei Mosesi kuuya nezuva raNoa, mharidzo yaNoa? Zvingadai zvakabatsirei Johane Mubhabhatidzi kuuya nemharidzo yaMosesi? Maona?

76 Hatina mharidzo yaSankey. Hatina mharidzo yaMoody. Tine Mharidzo yenguva ino! Hatina mharidzo yaLuther kana mharidzo yaWesley. Dzaive dzakanaka, asi rino nderimwe zuva. Ino ndeimwe vimbiso. Rino nderimwe zera rechechi. “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi!” Zvinoshamisa sei, kuti vanhu vanogona sei kuva mapofu, muzera, asi zvinofanira kuve saizvozvo. “Vane kakudziya,” muzera rino, Bhaibheri rakati, “uye vaizosvipwa kubva mumuromo maKe,” muZera rino reChechi yeRaodhikia. “Asi vose vaAnoda, Anoranga nekutsiura.” Akataura kuti zvaizova nenzira iyi muZera rino reChechi yeRaodhikia.

77 Rangarirai, Mwari vanoshandura chimiro chaVo. *En morphe*, izwi rechiGiriki rinoreva kuti Vanopfeka chifukidzo chakasiyana. Semuna *Carmen* kana chimwe chinhu, kana—

kana mitambo yaShakespeare, Vaka—Vakaita semutambi, Vanoshandura chimiro chaVo. Zvose zvakanga zvirivaporofita ivavo, vakanga vari Mwari muvaporofita ivavo. Jesu akataura kudaro, “Munovadana kuti ‘vanamwari,’ avo vakavingwa neShoko raMwari: uye hepano paNdiri, Mwanakomana waMwari, munoNdipomera mhosva chirudzii?” Oo, ini zvangu!

⁷⁸ Ndizvo zvimwe chete nhasi, ndiMwari vachiratidzwa munyama, Mharidzo yenguva, Chiedza chezuva rino! Hatikwanise kuva nedzimwe mharidzo dziya dzekumashure uko, dzakatoraramwa kare; tinorarama muchadzera chechiedza.

⁷⁹ Ndiwo mungava mukurusa, hugororo hukurusa, hwati hwambozivikanwa nenyika, hwakaitwa muEngland pano nguva shoma yapfuura, hwakaitwa nezviedza zvenhema. Kubiwa kwemadhora 7 miriyoni, muchitima, kusakambobvira kwazivikanwa, munhoroondo. Wakave mungava mukuru, vanga chairo kuzera remakororo pasi rose.

⁸⁰ Uye ivanga gurusa remakororo muzera rino, munyika yatinogara mairi, chiedza chenhema munguva ino yatiri kurarama mairi, vachiedza kutidzosea pasi peimwe mhando yechitendwa nezvinhu. Apo, tiri tsamba mhenyu, kana kuti, nemamwe mashoko, tiri tsamba dzinorarama, dzakanyorwa uye zvino tichirarama Shoko raMwari, sezvaVakavimbisa munguva ino; Shoko rakaratidzwa, tsamba dzakanyorwa, dzanga dzichirarama. Ndizvo zvakanga zvirivaporofita.

⁸¹ Ndizvo zvakanga zvirivaporofita Johane Mubhabhatidzi. “Akanga ari inzwi reuyo anodanidzira ari murenje.” Akaedza kuvaudza izvozvo. Akanga ariwo zvakare Maraki 3, “Tarirai, Ndinotuma mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu, agadzirire nzira pamberi pevanhu.” Akanga ari Shoko iroro rinorarama.

⁸² Uye Chechi yechokwadi yakazvarwa patsva munguva ino iShoko raMwari rinorarama. IShoko rezera rino, richiratidzwa. Nzverai Magwaro muone zvinofanira kuva muzera rino. Heunoi Kristu achirarama zvakare, achingoshandura chifukidzo chaKe kubva pane chimwe achienda pane chimwe.

⁸³ Zvino, Akanyatsoratidzwa saMesiya. Vaifanira kunge vakazviziva. Tinoziva zvaifanira kuva Mesiya. Aifanira kunge ari Muporofita. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri kuti Aiva. Ndizvo zvaAkataura kuti Aiva. “Ini Mwanakomana wemunhu, ko munoti iNi Mwanakomana wemunhu ndini Ani?” Anogara achiZvizivisa sezera reMuporofita, anoZvizivisa seMuporofita waMwari. Ndizvo zvaAiva.

⁸⁴ Asi Aipfuirira kuva muporofita. Akanga ari Muporofita aiva Mwari. Zvaiva Dhavhidhi, zvaiva Mosesi, zvaiva Eria, zvaiva zvose hazvo, “maAri maigara huzaro weHumwari mumutumbi.” Akanga ari Muporofita aiva Mwari. Vakanga vari Mwari, Jehovha, vakava nyama muMwanakomana waVo pachaVo, vakaZvimutsira tabhenakeri kuti vaZviratidze mairi.

Vamwe vose vakakundika, vakange vaine mhosho; asi hapana mhosho maAri. Kunyange Mwari pachaVo vakati, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa waNdinofarira kugara maari.” Ndizvozvo, hapana mhosho maAri. “Munzwei iYe!” Akanga ari Mwari vakaratidzwa.

⁸⁵ Vakati, “UnoZviita Mwari, kana kuti kuzvienzanisa naMwari.” Ndizvo zvaAiva. Aiva Mwanakomana waVo pachaVo. Amen. Aiva ane. . . Aiva kuratidzwa kwaMwari. Mwari vaiva muna Kristu, vachiyananisa nyika kwaVari.

⁸⁶ Uye muzuva rino rekupedzisira, Vanotaura kuvanhu kuburikidza neMwanakomana waVo, Kristu Jesu, vachiZvizivisa. Zvino Kristu chii? Shoko. Shoko rechii? Shoko raMosesi? Hongu, asi nhasi iYe iShoko rakaratidzwa rezuva rino.

⁸⁷ Cherechedzai kuti Jesu akanga akaita sei. Zvino, Anofanira kuva Muporofita, ngationei kana Aiva nechiratidzo chaMesiya. Ngatiendei kuna Mutsvene Johane, chitsauko 1, kwemaminitisi 5, 10 anotevera, tisati tavhara. Mutsvene Johane 1, tinoMuona achiyua panyika. Akaberekwa nemhandara, izvo chaizvo zvakataurwa neBhaibheri. Akabatwa mimba muchizvaro chemhandara.

⁸⁸ Kwete kuti mhandara yaive mwarikadzi zvino, iye. . . Unoti, “Ko Maria?” Aive asina kukwana. Aiva mudzimai, aingovawo mudzimai semumwe mudzimai wese, kwete mwarikadzi; mudzimai. Mumwe munhu akati, “Hamunyare here kutaura zvakadaro?” Kwete, changamire!

⁸⁹ Tarisa pano. Akakanganisa kupi? Handiti, apa akakanganisa. Pavakadzika kumutambo wePentekosti, uye vanhu vakafamba rwendo rwemazuva 3; zvino vakaMushaya, vabereki vaKe, saka vakadzokera kunoMutsvaga. Zvino vakaMuwana ari muGwaro, achikurukura nezvaRo nevaprisita mutemberi. Uye tarisai zvakataurwa naMaria, ipapo chaipo pamberi pevaprisita ivavo, vatsoropodzi ivavo. Akati, “Baba vako neni taKutsvaga, nemisodzi.”

⁹⁰ Asi Shoko rinogara richigadzirisa mhosho. Akanga ari Shoko, Mukomana ane makore 12 ekuberekwa. Huchenjeri uhwu hwakabvepi?

⁹¹ Rangarirai, ipapo chaipo akaramba chapupu chake. Akati Mwari ndivo vaiva Baba vaKe; zvino pano akati, “Baba vako neni, Josefa, taKutsvaga, nemisodzi.”

⁹² Akati, “Hamuzivi here kuti Ndinofanira kuva pabasa raBaba vaNgu?” Maona? Maona? Dai Anga aina baba vaKe, Josefa, Josefa anga ari baba vaKe, Angadai achigadzira mikova yemakabati nezvimwe. Maona? Asi Akanga ari pabasa raBaba vaKe, achitwasanudza Shoko rezuva iroro. Akanga ari Shoko. Amen. Munoon, Maria akakanganisa, asi hapana kukanganisa kwaAkaita. Aiva Uyo wakakwana.

⁹³ Cherechedzai, paAkazvarwa, akakudzwa, akabhabhatidzwa naJohane, Mweya Mutsvene wakauya paAri, ndokuenda murenje, ndokudzoka kunze, shumiro yaKe ikatanga, achipodza. Paiva nemurume ainzi Simoni, zvino akauya nemunin'ina wake, Andrea, kumusangano.

⁹⁴ Zvino chinyatsotererai zvino, tave kuzovhara—kuzovhara, uye toona zvaAiva kareko. Uye kana Vakataura kumadzibaba nevaporofita, mumazuva ano ekupedzisira neMwanakomana waVo, onai chaizvo zviru Mwari nhasi, onai kana Vachizivikanwa nenzira imwe cheteyo.

⁹⁵ AkaZvzivisa sei? Akauya zasi here ndokuti, “Zvino Ndakapfuura nemuchikoro. Ndakawana Bachelor of Art yangu, Ph.D., LL., nezvakadaro. Ndagadzirira shumiro yaNgu?” Kwete, changamire. Haana kuzviita. Akaenda murenje, sezvakaaita Johane, akabuda akazodzwa neMweya Mutsvene.

⁹⁶ Tarisai kuti AkaZvzivisa sei paAkatanga kuparidza. Paiva nemurume, Andrey, akanga achiteerera Johane, akaenda naJesu kuti aone paAigara, akaMutevera zasi kumusangano; akaunza mukoma wake, Simoni. Simoni achingofamba achipinda muHupo hwaJesu, Jesu akati, “Zita rako ndiSimoni, uye uri Mwanakomana waJonasi.” ZvakaMuzivisa. Ipapo chaipo zita raPetro rakashandurwa kubva kuna Simoni kuve Petro, rinova “dombo diki,” uye akava musoro wechechi, pamberi pacho.

⁹⁷ Zvino tinoona mumwe muchinda akamira ipapo, ainzi Firipi, akati, “Zvinoka mirai zvishoma, hatina kumbova nemuporofita kwemakore 400. Muporofita anotevera, tinoziva zvaachazova.”

⁹⁸ Saka anobva apota seri kwemakomo, mamaira angangoita 15, kana uri ipapo kuti umake nzvimbo yacho, kwaakawana shamwari yaakanga ari kuva nezvidzidzo zveBhaibheri pamwe chete. Akanga ari munhu akasimba zvikuru mukutenda, murume ane tsika dzakanaka. Zita rake rainzi Natanaeri. Saka pasina kupokana, achifamba achienda kumukova uye achiona kuti akanga asipo pamba pake chaipo, anogona kunge ari mudzimai wake akati, “Ari kunze muochadhi yake yemiorivhi, kunze uko achinamata.”

⁹⁹ Saka Firipi, ari mukufadzwa zvikuru nezvaakanga aona zvichiitwa, kuratidzwa kwakakwana kwaDeuteronomio 18:15, Muporofita akanga asimuka! Saka akaenda, akasangana naNatanaeri, zvino ndokuti, “Natanaeri, huya, uone Uyo watawana.” Akanga asina nguva yekukurukura nezvemamiriro ekunze nezvimwe. Shoko raiva rechimbichimbi. Moyo wake wakanga uchibvira. Zvakatonyanyisa kwatiri zvino, tine zvimwe zvinhu zvakananda kwazvo zvekuita kunze kweiZvi. Zvino chinhu chekutanga munoziva, akati, “Huya, uone Watawana, Jesu weNazareta, mwanakomana waJosefa.”

100 Ngatipindei muhurukuro yavo pavaifamba pamahombekombe egungwa. Ndinonzwa Firipi achiti kuna Natanaeri, “Unoziva here muredzi uya wekare zasi uko, unoziva?”

101 “Oo, mu—mu—mutana akafa pano nguva shoma yapfuura, Jonasi?”

“Kwete, kwete. Mwanakomana wake, Simoni.”

102 “Hongu, hongu. Oo, ndinorangarira ndichitenga hove kubva kwaari. Saka, akaita sei? Zvino, haana dzidzo yakakwana yekusaina zita rake pachake. Haana kukwanisa kusaina risiti yangu.” (Bhaibheri rakati akanga asingazive uye asina kudzidza, asi vakacherechedza kuti akambenge aina Jesu; saka tinoona kuti akanga asingagoni kana kusaina risiti yacho.)

103 Akati, “Hongu,” akati, “munozivei? Paakauya muhupo chaihwo hweMurume uyu, Murume uyu asingamuzivi, akamuudza kuti zita rake kuti rainzi ‘Simoni, mwanakomana waJonasi.’” Akati, “Handiye Mesiya here? Haasi muporofita here uyu? Haisi Deuteronomio 18 here, Magwaro akazadzikiswa? Rondai muchidzoka shure hupenyu hwaKe; tiri kurarama muzuva ripi? Tiri kurarama, takatarisira Mesiya iyeye ari kuuya. Isu tese vaHebheru tiri. Handizvo here?”

104 “Ah, mira zvishoma,” akadaro Natanaeri, “Ndichafanira kuti ndione.”

“Zvinoka, hazvindishamisi kana Akasakuziva.”

105 “Huh-uh-uh, rega ndizvione. Rega ndiende kune mumwe wemisangano ndigozviona zvichiitwa.”

106 Zvakanaka, anonyatsofamba achipinda mumusangano umo makamira Jesu. Akati, “Tarirai muIsraeri, asina nduru maari!”

Akati, “Rabhi, Makandiziva rinhi?”

107 Akati, “Firipi asati akudana, pawainge uri pasi pemuti, Ndakakuona.” Zvakabva zvaringana. Zvakabva zvaringana.

108 Chii ichocho? “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Munoono, AkaZvizivisa, Shoko.

109 Muverengi uyu akati chii? “Rabhi, ndiMi Mwanakomana waMwari. Ndimi Mambo weIsraeri.”

110 Asi paive pakamira vamwe veavo ipapo, vaisazvitenda izvozvo. Vakati, “Murume uyu ndiBherizebhahu.”

111 Jesu akati, “Ndinokuregererai nekuda kwaizvozvo, kudana Mweya waMwari ‘chinhu chine tsvina,’” nekuti yananiso yakanga isati yaitwa. “Asi kana Mweya Mutsvene, iWo Mweya Mutsvene. . .” *Iwo* chisazitasingwi; kana, kwete imwe pfungwa; Munhu! “Kana iWo Mweya Mutsvene wauya kuzoita chinhu chimwe chete, shoko rimwe chete rinopesana naWo harizomboregererwi.” Rangarirai, ndiYe mumwe chete zuro,

nhasi, nokusingaperi, Shoko rakaratidzwa rakaitwa nyama. Zvino tinoMuona ipapo, zvino, akanga ari maJudha.

¹¹² Kune marudzi 3 chete evanhu. Tinogona kuva nekusarurana kwedu uye—uye nekubatana, nechero zvamunoda, ini... handina basa nazvo. Ndiri muranda waKristu, ndichishumira munhu wose. Asi, teerera, regai ndikuudzei. Tarisai pano apa. Paiva nemuJudha, Murudzi, nemuSamaria.

¹¹³ Zvino tarisai Evhangeri, tichitaura nezvaPetro aine makiyi. Akaizarura neZuva rePentekosti, kumaJudha. Firipi akadzika zasi akanobhabhatidza vaSamaria, uye akadzanga madhimoni, Mweya Mutsvene wakanga usati wauya pamusoro pavo; Petro akauya zasi ndokuturika maoko pamusoro pavo, vakagamuchira Mweya Mutsvene. Zvino kumba kwaKornerio, Marudzi vakaUgamuchira.

¹¹⁴ Zvino, Marudzi, isu Marudzi, isu maAnglo-Saxon, takanga tisiri kutarisira Mesiya; takanga tiri vahedheni, tiine tsvimbo kumusana kwedu, takanga tichinamata zvimufananidzo. Asi vose muJudha nemuSamaria vakanga vachitarisira Mesiya.

¹¹⁵ Uye Anouya chete kune avo vari kuMutarisira. Zvichengetei izvozo mupfungwa nemusangano uno, Anongosangana chete neavo vari kuMutarisira!

¹¹⁶ Pakupedzisira, Anozofanira... akanga achienda kuJeriko rimwe zuva, uye aifanira kuzopfuura nekuSamaria, kuri kumusoro wapota seri kwemakomo. Akasvika zasi panzvimbo... Zvino, takaMuona achiZviratidza saMesiya, achiratidza chiratidzo chaKe chaMesiya, uye vakachimhura. Saka Aifanira kuzopfuura nekuSamaria, vakanga vachitarisira Mesiya, zvakare. Saka Akauya kuguta rinonzi Saika, nguva dzingaita 12 o'clock.

¹¹⁷ Tsime, richiriko, vanongogara pasi pedyo naro, ringori kunze kwesuwo reguta. Uko, pombi yeruzhinji, vose vanouya kuzochera mvura yavo; haisi pombi, vanongoidzikisa pasi chidhaiso voburitsa mvura. Uye vane zviringo zvikuru izvozo, vachiri kuzviita nanhasi. Zvino taura nezvekuengezera, vamwe venyu vakadzi muchifamba makatsiga mabhuku pamusoro? Munofanira kuona kuti madzimai aya anogona sei kuisa chiringo chemagarani 5 pamusoro wavo, uye nechimwe chiri pahudyu imwe neimwe; uye votongofamba zvavo, vachitaura, uye vakachidengezera zvakanaka chaizvo.

¹¹⁸ Uye vachidzika, nenguva dzinenge 11:00 masikati, pavakasvika ikoko nenguva sedzepakati pezuva, zvino Akatuma vadzidzi muguta kunotenga zvokudya.

¹¹⁹ Zvino paiva nemumwe mukadzi muguta, aiva nembiri yakashata, aisabvumirwa kuva nevamwe vakadzi vese, saka akabuda ndokuuya kutsime kuzochera mvura yake. Zvino paakanga oda kudzikisa chiringo chemvura pasi, akatarisa,

kune Murume aitaura naye, akagara neche pamadziro, akati, “Mudzimai, Ndiunzirewo mvura yekunwa.”

¹²⁰ Zvino, vaiva nerusarura chairwo, maJudha ne—nemaSamaria. Zvino mukadzi akaMuzivisa, nekukurumidza chaiko, kuti—kuti zvaisava patsika kuti Murume wemhando yaKe akumbire mudzimai saye, muSamaria, kuitirwa chii zvacho, nekuti maJudha nemaSamaria vakanga vasina kunzwirana, vakanga vasingadyidzane. Akati, “Asi dai waiziva Wauri kutaura naye, waizoNdikumbira mvura yekunwa, uye Ndaikupa mvura yekuti hauzouya pano kuzochera.”

¹²¹ Akanga Achiitei? Akanga achibata mweya wemudzimai uyu. Akanga ari muporofita. Uye hurukuro yaiva yokuti vanofanira here kunamatira muJerusarema kana kuti mugomo. Akati, “Baba vanotsvaga ivavo kuti vanamate muMweya nemuZvokwadi.”

¹²² Uye Akaenderera mberi kusvika Aona kuti dambudziko remukadzi uyu raiva rei. Akanyatsodzika zasi kusvika Aona dambudziko rake. Tose tinoziva kuti raiva chii, uyo anoverenga Bhaibheri, Mutsvene Johane 4. Chii chatakaona? Aiva nevarume vakawandisa. Akati, “Enda unotora murume wako muuye pano.”

Akati, “Handina kana murume.”

Akati, “Wataura chokwadi, nokuti wakava ne 5.”

¹²³ Tarisa musiyano uripo pakati pemukadzi mudiki iyeye nevaprisita ivavo muzuva iroro. Akati, “Changamire, ndinoona kuti Muri Muporofita. Zvino hatina kumbova nemumwe kwemakore 400. Ndinoona kuti Muri Muporofita. Tinoziva kana Mesiya auya, ichi ndicho chinhu chaAchaita.” Ndizvo here? “Achatiratidza zvinhu izvi. Achatiudza izvi.”

Akati, “Ndini iYe, anotaura newe.”

¹²⁴ Angori Murumewo zvake agere ipapo, angori nemakore 30 ekuberekwa; zvichida airatidzika kuva ne 50, nekuti vakanga vachangobva kuti, muna Mutsvene Johane 6, “Uri Murume asati adarika makore 50 okuberekwa, uye woti Wakaona Abrahama, zvino tave kuziva kuti Une dhimoni.”

Asi Akati, “Abrahama asati avapo, NDIRI.”

¹²⁵ Uye, hongu, hapo paAiva, achingova muchinda wechidiki, zvichida ndebvu dzake dzachena zvisihoma, basa raKe; Mutumbi waKe wemunhu wakange wakaperezeka, “usina runako rwekuti tinoMushuvira,” dehwe redenhe rakare zvekare; asi zvaiva mukati maro maiva neShekina, zvaiva mukati maro vaiva Mwari. Mwari! Chaiva chii? Hapo paAkaziviswa, Shoko raMwari, richiziva chakavanzika chemoyo wavo. Munoono, raiva Shoko raMwari. Aiva Shoko raMwari.

¹²⁶ Uye Shoko raMwari richiri kuzviita, nekuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Wazviwana here, wazviwana

mupfungwa dzako here zvino? Cherechedza, “mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

¹²⁷ Akamhanyira muguta, akati, “Huyai, muone Murume andiudza zvandakaita. Handiye here Mesiya wacho chaiye?”

¹²⁸ Kana ichocho chaiva chiratidzo chaMesiya, kumuJudha nekune...nekumu—muSamaria; uye haVaremekedzi munhu, vamwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi; zvino ndiwo aiva magumo acho, apo Mwari pavakamira kushanda nemaJudha nemaSamaria. Uye uku ndiko kuguma kwemwaka weMarudzi, paVakauya vachipfuura nemuvavandudzi nevamwe vakadaro, kusvika kumagumo, uye vakavimbisa, “Sezvazvaive mumazuva aAbrahama, ndizvo zvazvichava apo Mwanakomana wemunhu achange achizarurwa kuMarudzi muzuva rekupedzisira.” Aizodzoka zvakare.

¹²⁹ Zvakawanda zvinogona kutaurwa pano, asi regai ndikurumidze zvino nokuti dzave—dzave 9 o'clock, dzangoti darikei zvisoma. Tichange tabuda panozosvika 9:30, Ishe vachitendera.

¹³⁰ Cherechedzai, muporofita akati, muna Zekaria 14:6, “Kuchava nezuya risingazonzi masikati kana husiku, asi richava zuva rakadzikatidzwa; asi munguva yemanheru, kuchava neChiedza.” Zvino tarisai, nekukurumidza. Hapana Gwaro rinogona kutyorwa. Ose anofanira kuzadziswa.

¹³¹ Zvino zuva rinobuda sei? Rinobudira kupi? KuMabvazuva. Rinodokera kupi? KuMadokero. Budiro yehungwaru yakafamba nezuya, uye ndizvo zvakaitawo Evhangeri. Mazvibata here? Zvino tadzokera chaiko kuWest Coast zvino zvakare. Kana tikaramba tichienda mberi, tinodzoka chaiko kuMabvazuva zvakare, toyambuka Pacific kuenda kuMabvazuva zvakare; hapana chinhu imomo, munoono. Zvino budiro yehungwaru yakafamba nezuya.

¹³² Vhangeri rakayambuka mvura. Rakauya richibva—richibva kuMediterranean, uye rikayambuka richipinda, kubva kuna Mutsvene Pauro, kuenda kuGermany; kubva kuGermany, rakayambuka English channel, kuenda kuEngland; kubva kuEngland, rakayambuka Atlantic, kuenda kuUnited States, uye zvino radzokera kuPacific zvakare.

¹³³ Tarisai, zuva rimwe chete rinobuda kuMabvazuva ndiro zuva rimwe chete rinovira kuMadokero, z-u-v-a. Uye Mweya Mutsvene mumwe chete wakaburuka paZuva rePentekosti, kuMabvazuva...Zvino rave zuva risingagone kunzi zuva, kwadzikatira, zuva rakadzikatidzwa, richinaya; munozviona muno muKansas, kuchinaya, kwakadzikatidzwa. Takava nechiedza chakakwanirana nekuti—nekuti tijeche chechi, uye nokuita zvinhu izvi, chiedza chakangokwana kufamba machiri, asi Akati, “Panguva yemanheru, kuchava neChiedza, Mwanakomana achadzoka zvakare.” Uye Mweya Mutsvene

uchidzoka mumazuva ano ekupedzisira nehuzaro zvakare hwesimba raMwari, Shoko richiratidzwa! Kubudikidza neLutherani. . .

¹³⁴ Uye sezvakangoita—sezvakaita piramidhi richikura. Lutherani, kuvandudzwa kwekutanga; Wesley; Pentekosti; uye zvino iri kunyatsotesva chaizvo. Nokuti, kana Dombo repaMusoro radzoka papiramidhi, richafanira kukwana semamwe ose. Haukwanise kana kupinza mupeni webanga pakati paro, rakanyatsokwana. Ndizvo zvichaitawo shumiro mumazuva okupedzisira, ichange iri nepedyo zvikuru.

¹³⁵ Seruoko rwako—rwako rwuri icho chacho chinopa mumvuri, uye bvu—bvuri reruoko rwako riri iro mumvuri wacho; pazvinova, mushure mechinguva, zvinova chinhu chimwe chete. Zvinova saizvo. Uye ndizvo izvo Chechi inozova, Mwenga unova kuna Kristu, unova mumwe, sechero murume nemudzimai wake. Maona? Iri kuuya zasi chaiko kusvika pamazuva ekupedzisira, uye tiri kuedza kurarama muchadzera cherimwe zuva? Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, zvinoMuzivisa zvakakwana naVaHebheru 13:8, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

¹³⁶ Dai takararama kare muzera raLuther, tinotarisa kumashure kuno mune iroro—muzera iroro, tinoona chaizvoizvo, muzera iroro reSadhisu, kuti Luther ndiye aive mutumwa wacho, ndizvo chaizvo, nebhiza rakabuda, nezvimwe zvose zvakaenda muzera iroro.

¹³⁷ Tinoona zera raWesley, zera reFiradherfia. Tinoona zera guru rerumutsiriro rakaenda, rudo kuhama, tinoona Wesley ari panzvimbo chaiyo yakataurwa neBhaibheri kuti aive.

¹³⁸ Tinozviona nhasi chaipo paAkati Aiva. Ndiyo awa yacho, nguva yatiri kurarama.

¹³⁹ Teererai, maGiriki aye akatadza kuMuona. Sei? “Madzichangamire, tinodawo kuona Jesu.” Vakatadza kuMuona nekuti Akanga akapfeka temberi yaKe yemunhu, Mwari vari mumunhu. Nyama yemunhu ndiyo yakavapofomadza. Havana kugona kunzwisisa. “Iwe, zvauri munhu, unoZviita Mwari, kana kuenzana naMwari.”

¹⁴⁰ Akati, “Saka, kana maigona kuvadana nemurawo, uye pasina Magwaro anogona kutyorwa, movati ‘vanamwari,’ vaitove, avo vakavingwa neShoko raMwari.”

¹⁴¹ Zvino, ndiYe huzaro hweShoko iroro, Shoko rakanga riri rezuva iroro, Mwanakomana waMwari, Mudzikinuri; apo Mwari, pachaVo, Vakauya panyika vakagara muMunhu, kuti vatore rufu paVari, vazodzikinura zvese, Muti uya kubva mubindu reEdheni, kwete mudzimai; Murume, Adhamu wechipiri akafa akaenda muvhu, kuti abuditse zvinhu zviya, ameni, ipapo mashizha iwayo akanga adonha kumashure uko, kuti agoanza

murumuko. Zvakawanda sei zvingataurwa pamusoro pazvo, zvingazotitorera maawa akawanda!

¹⁴² Asi tasvika pano panzvimbo zvino. Marudzi ezuva iroro vakatadza kuRiona, nekuti Raiva munyama yemunhu. Handizivi kana tichaita zvimwe chete. Handizive kana tichakanganisa zvinosuwisa sezvavakaita, kutadza kuMuziva? Nokuti, Aiva, iYe Shoko rezera iroro, rakaziviswa mumutumbi wemunhu. Mukomana akanga asina kudzidza, wekuti hatina kumboMuziva achienda kuchikoro. Takanga tisina magwaro ekuti Akatombobuda mune chero sanganano zvaro rezuva iroro; asina dzidzo. Asina mukurumbira wechinhu chipi zvacho, asi, “Munhu anopenga, chidhakwa chewaini, shamwari yevatadzi, Murume aipidigura nyika; akazvarwa neupombwe, Amai vake vakapihwa pamuviri nemusoja, ndokutora zita raKe seMwanakomana waMwari, kana kuZvidaidza kuti muporofita, muGarirea uyu, anongonziwo muporofita.”

¹⁴³ Asi Shoko rakaratidzwa! “Vose vakaMugamuchira, kwavari Akavapa simba rokuti vave vanakomana vaMwari.” Uye ndizvo zvazviriwo nhasi, patinoona kufamba kukuru uku kweMweya Mutsvene kuchiratidzwa. “Vose vanoMugamuchira, kwavari Akavapa simba rokuva vanakomana nevanasikana vaMwari.” Jesu Kristu akaziviswa zvimwe chete, neShoko raKe, muchizvarwa choga-choga.

Ngatikotamisei misoro yedu.

¹⁴⁴ Shamwari dzeChikristu, ndinoda kukubvunzai, ngatingomirai tifunge kwechinguvana. Ichi iChokwadi here kana kuti kukanganisa? Ndizvo here? Kana chiri Chokwadi, tine mungava pane zvose kwachiri. Tiri kuenda kupi? Ko zvichagumirepi izvi? Ungava sei nechokwadi chekuti uri raiti? Zvino, “pakutanga, Aiva Shoko,” uye Shoko rinonzvera mufungo uri mumoyo. Rakazviita kubudikidza ne vaporofita, Rakazviita kubudikidza naKristu, uye Akazvivimbisa mumazuva ekupedzisira, nekuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

¹⁴⁵ Baba veKudenga, torai Shoko reNyu, muRiise mumoyo wemunhu, kuti ivo. . . vanhu vose pamwe chete, manheru ano, boka diki iri revanhu kunze kuno. Tinocherechedza, Ishe, kuti tiri—tiri kurarama mumimvuri yeKuuya kwaKe, uye mimvuri iri kuramba ichiwedzera kuva mazvirokwazvo, gore negore. Tinoona zviratidzo zvichionekwa, zvionwa zvinotyisa. Tinoona mumapepanhau nemamagazini. Mwedzi uri kushanduka kuva ropa. Tinonzwa nezvekudengenyeka kwenyika, kuchiputitsa pasi rose.

¹⁴⁶ Uye, zvino, rimwe zuva kwakazunguza nyika yose, apo Mwanakomana waMwari akarambwa zviri pachena ndokurovererwa pamuchinjikwa. Uye zvino tinoona kuti boka guru, rinonzi Mubatanidzwa wemaChechi ePasi rose,

vakaMudziringira kunze zviri pachena, sezvavakataura mune (rino) Zera reRaodhikia, “Akanga ari kunze kwechechi, achigogodza pamusuwo, achiedza kudzokera mukati.” Uye zvino tinoona kuti pakava nekumwe kudengenyeka kwenyika kwakarova izvi, kwete dzimwe nyika, nyika ino, kukazunguza pasi rose; Jesu akarambwa zviri pamutemo. Zvino Akatomira achikumbirisa, manheru ano, achinyatsoziviswa, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

¹⁴⁷ Dai vatendi vakazviona. Dai avo vanorwara vazviona, Ishe. Dai avo vari pano manheru ano vakwanisa kubata hanzu yaKe, sezvavakaita mumazuva akapfuura. Podzai vanorwara, uye ponesai vakarasika, tinokumbira nemuZita raJesu Kristu. Amen.

Mwari vakuropafadzei.

¹⁴⁸ Zvino chingomirai zvishoma kuitira mutsara wekunamatira. Tine maminetsi 15 chaiwo, ekubuda nenguva. Zvino zvose zvandingagona kutaura, ndiri munhu, mashoko angu anongogona kukundika sezvakangoita mumwewo munhu, tose zvedu. Ndakuratidzai manheru ano, kuti muporofita wese, zvimwe zvese, vakakanganisa. Asi Mwari havakanganise. Shoko raVo iChokwadi. Vangani vanotenda kuti iYe iShoko? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Mwari vakuropafadzei. Ndipo pakavakirwa kutenda kwangu, hapana chimwe chinhu kunze kweRopa raJesu; uye, ndizvo, Jesu iShoko.

¹⁴⁹ Zvino ndinotenda Billy ati. . . Apa makadhi okunamatirwa here? Pane—pane makadhi okunamatirwa apihwa here? Ndanga ndisingazive. Iye—iye ati, kutanga, kuti haana kufunga kuti vauya vakapa chero zvawo. Asi kana vapa makadhi ekunamatirwa, tichaita mutsara mudiki wekunamatira.

¹⁵⁰ Mumwe munhu, pane kadhi rekunamatirwa 1 here pano? Ngationei kuti ndiani ane kadhi rekunamatirwa 1. Hongu, mune 1 here? Kwete. Kadhi rekunamatirwa nhamba 1, ndiani anaro? Pane kadhi rekunamatirwa 1 here? Saka, zvichida haana kugovera achibva pana 1. Vangani. . . ? Huh? [Mumwe munhu anoti, “Herino 1.”—Mupepeti] Oo, riripo? Hongu. Zvakana, kadhi rekunamatirwa nhamba 1, huyai kumusoro kuno mumire pano pandiri, kadhi rekunamatirwa nhamba 1.

¹⁵¹ Nhamba 2, ndiani ane nhamba 2? Nhamba 3. Kwemaminetsi mashoma bedzi zvino, isu. . . Nhamba 3, ndiyani ane kadhi rekunamatirwa nhamba 3? Tarisai, pane munhu pano ari pasitirecha, mumwe munhu ngaatarise kadhi rake, kana aine rimwe. Nhamba 3. Nhamba 4, 4, ndiyani ane kadhi rekunamatirwa nhamba 4?

¹⁵² Ikadhi diki. Mwanakomana wangu kana mumwe weboka achauya zasi kuzatora makadhi aya, pamberi penyuru, uye oavhanganisa—vhanganisa ese, uye obva akupai. Uye zvakare apo ini. . . Zvino zvinoratidza. . . Takava nevanhu pane imwe

nguva vaiedza kutengesa makadhi ekunamatirwa iwayo, uye ndicho chikonzero achizivikanwa nenzira iyoyo, kuti haugone—haugone kuatengesa; nekuti haakwanise, hauzive kuti ndiani ari kuuya kumusoro ikoko. Pandinouya pano, handitangire pane imwe nhamba yakatsaurwa. Ndinongotangira pese-pese. Muvhiki rino rose, muchacherechedza, ndichachinja-chinja, ndichipesanisa-pesanisa, nokukwira nokudzika, ndichitora makadhi ekunamatirwa aya, munoona. Uye saka nenzira iyoyo tinozviita, kuitira kuti titi munhu wese muzuva rega-rega, mukupa makadhi, kuti vanhu zuva rega-rega vagone kuwana mukana wekupinda.

¹⁵³ 1, 2, 3, 4, 5. Ndichavadana mumwe chete panguva imwe chete, nekuti handidi kuti mumwe munhu ari matsi zvino vobva vati, “Handiti, hapana andiudza,” munoona, zvino vapotsa nzvimbo yavo mumutsara wekunamatirwa. Uye zvichida, nekadhi rekunamatirwa, havaizovapa rimwe, munoona.

¹⁵⁴ Kadhi rekunamatirwa nhamba 5, ndiani anaro? 1, 2, 3, 4, 5. Kadhi rekunamatirwa 5? Zvakanaka. Kana uine chokwadi chekuti une 5, enda kumusoro uko. Zvakanaka. Nhamba 6? [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] 11, kadhi rekunamatirwa 11. 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, kadhi rokunamatirwa 10, ne 11.

¹⁵⁵ Tarisai zvino, anogona kunge ari mumwe munhu matsi. Tarisa kadhi remuvakidzani wako. Kwese-kwese, ndinofunga kuti akavhenganiswa pose pano. Zvakanaka. Vangani varipo, Roy? Vaverenge uone. 11? 12, 13, 14, 15. 1, 2, 3, 4...15. Zvakanaka. Ngatimirei ipapo kwechinguvana, nekuti hatina nguva yakanyanyisa.

¹⁵⁶ Zvino vangani vasina kadhi rekunamatirwa uye uchitenda kuti Mwari vachakupodza, simudza ruoko rwako. Mwari vakuropafadzei. Ndizvozvo, ivai nekutenda ikoko. Zvino rangarirai, shamwari, pavari kugadzirira mutsara wekunamatirwa, zvino, musa—musa—musafamba—famba zvino, kwemaminitsi 10 kana 15 anotevera, kusvikira tagadzirira, nokuti, munoona, uri mweya.

¹⁵⁷ Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Ndati, uye ndikaverenga kubva muRugwaro, kuti ndiYe mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Uye kwechinguva chidiki, handisati chaizvoizvo ndazviita nazvino, zvokukuratidzai kuti Anofanira kuwana chinhu chimwe chete ichi zvakare mumazuva ekupedzisira. Vangani vanotenda izvozvo? Maraki 4 nezvose hazvo zvinofanirwa kunyatsodzoka zvakare, iYe zvakare akaburuka ndokuZvizivisa muMharidzo yechiporofita, kutendeutsa moyo yevana kudzokera paKutenda, kwevaapostora, Kutenda kwePentekosti kwemadzibaba. Ndizvo chaizvo zvinofanira kuitwa. Kwete chimwe chitendwa; asi

kudzokera paKutenda kwepakutanga. Zvino tinozvitenda izvozvo nemoyo wedu wose.

¹⁵⁸ Zvino pamwe venyu ikoko vasina kadhi rekunamatirwa. Zvino, rangarirai, ndiri muranda waVo uye imi muri muranda waVo, Mwari vari mandiri naMwari vari mamuri. Mune chiri kunyatsodikanwa, uye ini pano kukushumirai, zvinounza izvozvo pamwe chete nokuzviita Mwari.

¹⁵⁹ Zvino, mudzimai mudiki, imwe nguva. Regai ndikupei rimwe Gwaro, ndinotenda kuti riri muna Mutsvene Johane, zvakare. Paiva nemudzimai mudiki uyo, aive, aine dambudziko reropa. Ngatiti akanga asina kadhi rekunamatirwa, uye aida kunamatirwa. Asi pakanga paine vakawanda kwazvo vakamira ipapo, haana kukwanisa kupinda mumutsara. Saka akati, “Kana ndikangokwanisa chete kubata hanzu yaKe, ndinobva ndapora.” Vangani vanorangarira nyaya yacho? Handiti, chokwadi. Zvino akaitei? Akamanikidzira nepakati pemhomho iyoyo ndokubata hanzu yaKe.

¹⁶⁰ Zvino, hanzu yechiParastina inoremba yakasununguka, uye ine hanzu yemukati, zvakare, nekuti guruva pamakumbo, munoziva, saka raka...inoremba yakasununguka. Zvino unogona kubata bhachi remurume, uye akasazvinzwa, mupendero bedzi webhachi rake. Asi ko kuzoti nguwo hombe, yakakora, inorema yechiParastina, yakaremba zasi patsoka dzaKe, maona? Haana kumbozvinzwa, panyama.

¹⁶¹ Asi akabata nguwo yaKe uye akadzokera muchaunga. Ngatiti akagara pasi. Anogona kunge akasimuka, asi ngatiti akagara pasi. Chii chakaitika? Jesu akamira akati, “Ndiani aNdibata?”

¹⁶² Uye, munoziva, muApostora Petro akafunga kuti zvakanga zvisina musoro kwazvo, kusvikira vanhu...Handiti, akaMutsiura nokuda kwazvo. Nemamwe mashoko, anogona kunge akati, “Handiti, tarisai, munhu wese ari kuKubatai. Vachafunga izvi kuti, ‘Marasika njere.’ Maona? Handiti, munhu wese ari kuedza kuKubatai, Rabhi.”

¹⁶³ Iye akati, “Asi Ndanzwa kuti Ndapera simba. Simba,” ndiro simba, “rabuda maNdiri.”

¹⁶⁴ Mudzimai mudiki mumwe chete iyeye zvino akabuditsa simba kubva maAri. Akatarisa-tarisa muungano zvino Akaona paakanga ari, zvino Akamuudza dambudziko rake nezvakanga zvaitika. Bhaibheri rakataura kuti, “Iye zvino Muprisita Mukuru anogona kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu.” Ndizvozvo here? Zvino kana uine kutenda kumwe chete ikoko muna Jesu mumwe chete iyeye, kuchakuitira chinhu chimwe chetecho.

¹⁶⁵ Zvino chinyatsoremekedzai. Namatai. Musapokane. Tenda nemoyo wako wese kuti Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, uye Achapa kwauri maropafadzo aya.

¹⁶⁶ Zvino, Baba, itai kuti Mweya Mutsvene weNyu mukuru uzarure kwatiri Shoko rakaratidzwa munyama, nyama yavo nenyama yangu. Uye dai Shoko nevimbiso yeVhangeri remanheru ano, raparidzwa, radudzirwa neMweya Mutsvene mukuru pachaWo, nokuti Akavimbisa kuti Aizova nesu. Uye ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. MuZita raJesu Kristu, tinozvikumikidza kwaMuri, neMharidzo, kuti Musimbise Shoko nezviratidzo zvichitevera, sezvaMakaita maererano naMarko 16. Amen.

¹⁶⁷ Zvino munhu wese ngaave anonyatsoremekedza. Ndapota musafamba. Nyatsogarai makanyarara chaizvo, munoono. Zvino, rangarirai, dzimwe nguva takasangana nedambudziko. Vangani vari muno vari Makristu akazvarwa patsva, ngationei maoko enyu. Saka, zvakanaka, zvino munoziva zvandiri kutaura nezvazvo.

¹⁶⁸ Zvino, ndiye here uyu, ndiye mudzimai wacho? Uyu ndiye mudzimai wekutanga mumutsara. Zvakanaka. Zvino, mudzimai uyu neni, sekuziva kwangu, hatizivane, mufananidzo wakanaka kwazvo waMutsvene Johane, chitsauko 4. Jesu akasangana nemukadzi patsime reSamaria, nzvimbo inooneka seino, kekutanga kavainge vati vambosangana muhupenyu. Uye sekuziva kwangu, ino ndiyo nguva yekutanga yatangana. Tiri vatsva mumwe kune mumwe. Kana zviri izvo, kungoitira kuti vanhu vaone kuti ichokwadi, ingosimudzai ruoko rwenyu. Saka munoono, ndisu, kekutanga.

¹⁶⁹ Zvino kana Ari mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, zvino kutaura nemudzimai, sezvaAkaita nemudzimai patsime, kwaizova kuwana chimwe chinhu chaakaita, kana chimwe chinhu chisina kuita zvakanaka paari, kana chimwe chinhu pane...chimwe chinhu chandisingazive nezvacho, uye ndochizarura kwaari. Izvo, handina kumbomuona, ndingori... kekutanga kutombova ndiri muguta rino. Uye ndingori pano, iye mutsva. Zvino zvingaita here kuti Jesu Kristu ave mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi? Zvingaita here kuti Shoko rive munzveri wemifungo iri mumoyo? Maona? Maona? ZvinoMuita mumwe chete zuro... .

¹⁷⁰ Zvino heano maoko angu, neBhaibheri rangu, handisati ndamboona mudzimai uyu muhupenyu hwangu. Mwari vanozviziva izvozvo. Angoriwo mudzimai akamira apo. Ini—ini hapana chandinoziva nezvake sezvingori mutorwa akanyanyisa ari muno, kwavari. Ichokwadi, uye vanozviziva izvozvo.

¹⁷¹ Handivazivi; asi iYe anovaziva. Uye iYe ndiye Shoko, uye Shoko rinozarura chakavanzika chemoyo, rinoudza zvinhu, zvakaipa, rinovaudza chimwe chinhu. Kana vakaita chimwe chinhu chakaipa, chisina kureururwa pasi peRopa, Anovaudza pamusoro pazvo. Kana vari mutendi wekabanga, Anovaudza pamusoro pazvo. Kana vari mutendi, Anovaudza

pamusoro pazvo. Kana paine chisina kuita zvakanaka panyama, anovaudza nezvazvo. Kana ari mumwe wechimwewo chinhu, Anomuudza pamusoro pazvo. Anogona kuita zvose izvozvo, nekuti iYe ndiMwari. Anoziva zvinhu zvose. Ini handizive; mudzimai haandizive uye ini handimuzive. Zvino kana Akazvizarura nenzira iyoyo, munoziva kuti richiri Shoko, VaHebheru 4:12, “Shoko raMwari rinozarura zvakananzika zviri mumoyo, rinoziva chinhano chacho.”

¹⁷² Zvino kana Mwari vacha—vachazarura izvi kwatiri manheru ano, hanzvadzi, apo imi neni takamira pano pamwe chete, zvino munozo—munozoviva kuti haangava ini. Anofanira kunge ari iVo. Zvino ndinoda kutaura nemi kwechinguvara, nokuti kutaura muShoko sezvizi, handiti, ndiri kuparidza, munoona, ndobva ndazodzoka. Ndiri kungotaura nemi sezvaAkaita mudzimai patsime, kuita hurukuro naye kusvikira Aona kuti dambudziko rake raiva rei. Zvino kana Mwari vakandizarurira kuti dambudziko renyu nderei, zvino, muchaziva kuti ichokwadi here kana kuti kwete.

¹⁷³ Uye imi mose muchatenda here? Pane here kunze uko anoziva mudzimai uyu? Simudza ruoko rwako kana paine chero vanhu. . . Oo, hongu, vanhu vazhinji vanomuziva. Hongu. Zvakanaka.

¹⁷⁴ Zvino dai Ishe Jesu vazviita izvi, munoona. Iroro harizongovi Shoko raparidzwa chete, rinozova Shoko rakaitwa nyama, richitaura pachena, richizarura. Zvino Bhaibheri haritaure kuti muchange makamira pano, uye kuti chii chakakanganisika nemi, nezvose pamusoro pazvo, nezvamavinga pano, kana zvakamakaita. Haritaure izvozvo. Asi Shoko rinoburuka, rinozivisa mutauri, munoona, kuti, Shoko raMwari. Zvino Mharidzo ndeyechokwadi, saka Mwari vari kuzivisa Mharidzo kuti ichokwadi. Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene neEvhangeri yakazara zvinofanira kunge zviri Chokwadi zvino, kana zvikanzviswa nemazvo.

¹⁷⁵ Chimwe chinhu, munohuta-huta zvikuru, kuhuta-huta zvikuru. Muri kukanganisika nekuda kwechimwe chinhu. Ndizvozvo. Muri kunetseka. Makava neizvi kwenguva yakati kuti. Uye zvazviri, chinhano chiri pagumbo renyu. Zviri pagumbo renyu rerudyi. Muri kutya kuti ikenza. Zviri kukunetsai kwese zvako. Rutivi rwekurudyi irworwo harwuchashanda zvachose. Muri kunetseka nemudumbu menyu, munokurwarisai. Kana chiri chokwadi, simudzai ruoko rwenyu. Musatya, ingotendai uye Vachakupodzai. Munozvitenda here? [Hanzvadzi inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvakanaka, endai muchitenda Mwari nokuda kwazvo, uye mugopora. Ishe vakuropafadzei. Ndiri kungoda kuisa maoko pamusoro penyu.

¹⁷⁶ Munotenda here kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi?

177 Zvino heunoi mufananidzo zvakare, murume muchena, mudzimai wechitema. Jesu muJudha, iye muSamaria; munoono, Akavaita kuti vazive kuti hapana mutsauko murudzi rwevanhu. Mwari vakatifira tose. Ndizvozvo. Vari...“Mwari vakaita marudzi ose, neropa rimwe.” Nyika yatakakudzirwa mairi, ichishandura ruvara rwedu, yakanga isina chekuita nezviri mukati medu. Hongu, ndizvozvo.

178 Zvino muri Mukristu. Nekukurumidza ndinonzwa manzwiwo ekuchingamidza, kuti muri Mukristu. Ndiwo mweya wenyu. Zvinenge zvakafanana nezvaAkati, “Tarirai muIsraeri, asina nduru maari.”

179 Zvino, ndinoona kuti manga muchirwara zvikuru. Ongororo inoratidza kuti mune kenza. Ndizvozvo. Zvino kenza iyoyo, munotenda here kuti Anogona kunditudza pairi? Maringe nehumbowo hwezvazviri, kenza iyoyo iri muura. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Zvino munoziva kuti chimwe Chinhu chakamira pano chinokuzivai. Munotenda here kuti Achakupodzai? Kana kutenda kwenyu kuchikwanisa kuMudhonzera ipapo, kubata hanzu yaKe nekuzarura chinhu chimwe chete chaAkaita kare, saka endai moMutenda uye muchapora kubva pane izvozvo, uye mugopora. Kana mukazvitenda, ingotendai, zvingori nyore saizvozvo, hanzvadzi, kungotenda chete. Musapokane.

180 Ndinofunga kuti tiri vatsva, zvakare, mumwe kune mumwe? Hatizivane. Mwari vanotiziva tose tiri vaviri. Munotenda here kuti Mwari vanokwanisa kundizarurira dambudziko renyu? Munotenda here kuti Vanokwanisa kundizarurira dambudziko rechero mumwe munhu kunze uko? Munozvitenda here?

181 Vangani kunze uko vanozvitenda?

182 Munofungei pamusoro pazvo? Munotenda nemoyo wenyu wese here? Zvino matombo ari munduru yenyu haazokunetsei zvachose. Nda—ndazvinzwa zvichiuya, ini “ndanga ndiri kuverenga pfungwa dzevanhu,” ndanga ndichingoda kuti muone kuti ndanga ndisiri kuzviita.

183 Zvakana, munonditenda here kuva muranda waKe? [Hanzvadzi inoti, “Ndinotenda.”—Mupepeti] Nemoyo wenyu wese? [“Nemoyo wangu wese.”] Maita henyu. Muri Mukristu. [“Ndiri.”] Hongu, muri, uye hamusi munyengeri; Mukristu chaiye, uye makazvarwa patsva. Zvakana. Munotenda here kuti—kuti ini, zvandiri hama yenyu, hapana chandinoziva pamusoro penyu; asi Baba vedu veKudenga, Vanotiziva tose tiri vaviri, vanokwanisa kundizarurira kuti dambudziko renyu nderei? [“Ndinodaro.”]

184 Ndiri kuona kuti makava nezvakawanda. Makamboitwa oparesheni, uye oparesheni yacho yaiva yekenza. Makabviswa zamu, ndizvozvo, uye muchiri kunetseka nazvo. Munotenda here kuti muchapora kubva zvino zvichienda mberi? Pfuurai

nepano chaipo, muchitenda nemoyo wenyu wese. Uye Mwari vakuropafadzei, dai Ishe Mwari vakupodzai. Dai. . .

¹⁸⁵ Ivai nekutenda. Musapokane. Ingotendai nemoyo wenyu wese kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

¹⁸⁶ Zvino munotenda here, amai? Tiri vatsva mumwe kune mumwe. Handikuzivei. Hamundizive. Hatizivani zvachose. Asi Baba voKudenga vanozondizarurira chimwe chinhu chisina kunaka, chimwe chinhu chamakaita, chimwe chinhu chamaifanira kuita, kana kuti chamaifanira kuita uye mukasachiita, chero zvachiri, chero zvachingave, muchatenda kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Munoziva kuti aizova iYe aizozviita. Ndizvo here?

¹⁸⁷ Munotambudzika ne—ne—nebundu, uye bundu iroro riri mumusoro. Muri kutya. Ndizvozvo. Munotenda here kuti richabva zvino, kuti Jesu Kristu achakupodzai? Sokuzvitenda kwamazviita, ndizvo zvazvichava kwamuri. Endai muchitenda. Ameni. Mwari vakuropafadzei. Chingoendai zvenyu, tendai. Musa—musapokana. Ingotendai nemoyo wenyu wese.

Ivai nekutenda. Musapokane. Ingotendai nemoyo wenyu wese.

¹⁸⁸ Mudumbu menyu makunetsai. Dambudziko remudumbu. Munoda kuenda kunodya here? Tendai. Ndizvozvo.

¹⁸⁹ Makadiniko? Tiri vatsva mumwe kune mumwe. Handikuzivei, hamundizive. Asi pane mumwe Munhu pano, asingaoneki, asi akafukidzwa pakati pedu, anoziva kuti dambudziko renyu nderei. Ndiri kukuonai muchiedza. . . Hongu, iarthritis. Munotenda here kuti Anokupodzai pane izvozvo? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Endai, zvitendei, uye hamuzombofi makaremadzwa nayo kana mukangozvitenda.

¹⁹⁰ Mune zvinhu zvakawanda zvakakunetsai. Dambudziko remadzimai, kwenguva refu; zvino, chimwe chinhu, chinhu chenyu—chenyu chikuru chamuri kuda kupodzwa, iarthritis, zvakare. Munotenda here kuti Vachakupodzai? Endai, muzvitende. Ndizvo zvoga zvazviri, ingovai nekutenda uye musapokane.

¹⁹¹ Ndiri mutsva kwamuri. Handisati ndambokuonai muhupenyu hwangu. Pane mumwe mudzimai ari kuramba achioneka. Kana Mwari vakandizarurira chimwe chinhu pamusoro penyu. . . Hongu, hongu, ibundu; makatarisana neoparesheni. Mudzimai mudiki uyo akarara muchigaro icho akatarisana nechinhu chimwe chete, ibundu. Munotenda nemoyo wenyu wese here? Munodaro? Mwari vachakupodzai muri vaviri kana mukazvitenda. Isai ruoko rwenyu pamusoro pake. Ndizvozvo. MuZita raIshe Jesu, muZita raIshe Jesu, dai mapodzwa, hanzvadzi.

¹⁹² Munoono, imi, handikwanise kuzvitsanangura, shamwari, musandikumbira kuti ndidaro. Kumanikidzwa, simba, chimwe... Chii chinonzi chikofu? Ibundu. Chii chinonzi bundu? Kuwedzerwa kwezvizenga. Uri chii? Kuwedzerwa kwezvizenga. Chikofu chii? MuBhaibheri, chinonzi dhimoni, mutambudzi; munoriona richidanidzira kuti ribatsirwe, zvino irowo ndokupindura. Munoono, 2 akangofanana, uye ndizvo—ndizvo zvazviita. Zvakanaka.

¹⁹³ Huyai, amai. Tiri vatsva mumwe kune mumwe. Mava nechinhano chekuchuta-huta kwenguva refu, chakazokukonzera kuti muve nechinhano chemudumbu, dambudziko remudumbu, maronda emudumbu, kuvaviwa mudumbu menyu, nemazino ane ugugu, nezvimwe zvakanaka. Munotenda here kuti Jesu Kristu achakupodzai zvino? [Hanzvadzi inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvakanaka, endai munodya kudya kwenyu kwemanheru zvino. Tendai nemoyo wenyu wese, Jesu Kristu achakupodzai. Ingozvitendai zvino.

¹⁹⁴ Tiri vatsva mumwe kune mumwe. Mwari vanogarepi mumunhu? Mumoyo. Ndipo pane dambudziko renyu, riri mumoyo menyu, kwete nekuda kwekuti Mwari havamo. Asi nokusunungura kutenda kwenyu, kunopodza dambudziko remoyo iroto, uye muchapora. Endai, muchitenda, tendai nemoyo wenyu wese. Zvino, musapokane. Endai, muchitenda.

¹⁹⁵ “Kana muchigona kutenda, zvinhu zvose zvinogoneka.” Vangani vanotenda nemoyo wenyu wese? Munotenda here kuti Mwari vari pano kuzukupodzai? Muri here...? IShoko rakaitwa nyama here? Chii ichocho? Zvino, zvisinei kuti ndinotenda zvakanaka, unofanira kutendawo, zvakanaka. Munoono, mudzimai uyo abata hanzu yaKe, atenda.

¹⁹⁶ Heuno murume agere neche apa akanditarisa. Ane mahernia nemahemorrhoid. Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai? Kana mukazviita, munogona kuwana zvamakumbira.

¹⁹⁷ Pane mumwe here ari muno anotenda kuti Mwari vanopodza vanorwara nevanotambudzwa? Munotenda here kuti Shoko, manheru ano, rinoziva chakavanzika chemoyo? Munozvitenda here izvozo? Zvakanaka. Iye zvino tanonoka chaizvo kubva patanga tiri.

¹⁹⁸ Ko ungatenda sei izvi? Zvino unoziva kuti Gwaro rajekeswa, usarega chidzitiro chenyama zvino chichikunetsa, unoono. Rangarirai, iShoko rakavimbiswa ranhasi. Vangani vanozvinzwisisa? Shoko rakavimbiswa. Handizivi kuti makaona kutevedzera kwakadii. Asi, zvechokwadi chaizvo, Jesu Kristu akavimbisa izvi, uye ichi ichokwadi. Munoono, kuti, ichocho ichokwadi.

¹⁹⁹ Zvino Anotaurawo zvakanaka here, mashoko ekupedzisira aAkataura Asati abva panyika, akakwira Kudenga, akati, “Endai munyika yose,” Marko 16, “paridzai Evhangeri. Uyo

anotenda akabhabhatidzwa achaponeswa; uyo asingatendi achatongwa. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda”? Makambozviverenga here? Kutumwa kwekupedzisira kwaivei? “Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.” Vangani vano-zviziva kuti ichokwadi?

²⁰⁰ Zvino mumwe nemumwe wenyu, maminiti mashoma apfuura, wasimudza ruoko rwako kuti wanga uri mutendi. Zvino hamungangoturiki maoko enyu pamusoro pemumwe nemumwe here ipapo? Hatitofaniri kuti tienderere mberi; munoziva kuti Ari pano, madii mangoisa maoko enyu pamusoro pemumwe nemumwe uye wonamatira munhu iyeye akagara pedyo newe, kana uri mutendi. Zvino, Akati! Zvino, kwete, handisi ini ndoga; ndimi imi, mumwe nomumwe wenyu. Munozvitenda here zvino? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvakanaka.

²⁰¹ Zvino, tarisai, usazvinamatire, nekuti munhu ane maoko ake pauri ari kukunamatira. Munoono, iwe vanamatire, uye ndichakunamatirai mose. Uye kana mukangozvitenda, muhumwe, ino ndiyo ichava imwe yenguva hurusa yawati wamboona.

²⁰² Hupo hwaJesu Kristu, hunofanira kuvhenekera kereke, kuziva kuti mumazuva ano ekupedzisira apo zvitendwa nemasangano nezvitevedzwa uye zvese zvasundira sho—Shoko rese kunze, uye naJesu Shoko ari kunze kwechечи, uye munoMuona achidzoka chaiko pakati pevanhu uye oZviratidza sezvaAkavimbisa, “mumazuva ekupedzisira apo Mwanakomana wemunhu anenge achizarurwa.” Akazarurwa murubhabhatidzo; Akazarurwa mukupodza kwaMwari; heunoi Uyu muhunhu hwaKe hwekupedzisira. Rangarirai, ndicho chinhu chekupedzisira chakaonekwa naAbrahama moto usati wadonha ukatonga nyika yeMarudzi, uye mwanakomana wevimbiso asati auya, Isaka. Ichi ndicho chinhu chekupedzisira chichaonekwa nechечи yeChikristu, muchiratidzo chechishamiso, kusvikira pakuonekwa kwaJesu Kristu. Kana Mwari vakandipa nyasha pamberi penyu, nditendei muZita raShe, hapana chimwe chasara muBhaibheri kuti chiitwe kunze kwekutora munembo wechikara; zvino une Chisimbiso chaMwari.


²⁰³ Namatira munhu akarara ipapo, akagara padivi pako. Isa ruoko rwako pamusoro pavo. Nda—ndanga ndichitsvaka vakaremaro; hapana wandinoona. Asi nhowo iyo, ndinotenda, yato, oo... Zvakanaka, isai maoko enyu pamusoro pemumwe nemumwe munamate.

²⁰⁴ Jesu anodikanwa, Mwanakomana mukuru asina chipomerwa waMwari mupenyu, Ari pano manheru ano muchimiro cheMweya Mutsvene, akashandura chimiro chaKe ndokudzika zvino ndokuzarura Shoko raKe ari munyama yemunhu chaimo; varume, madzimai, vemhando dzose dzehupenyu,

vachiratidza kuti Achiri kurarama. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

²⁰⁵ Ishe Jesu, tiri muno muguta guru iri reTopeka, tiri pano takaungana nevana veNyu. Uye tinonamata, kuti sekuratidzwa kwaMaitwa pakati pedu, kuti zvino Muchasimbisa Shoko reNyu, kutumwa kwekupedzisira, kuchiti, “Vachaisa maoko pamusoro pevanorwara, vachapora.” Uye vanhu, vapupuri, uye vakaberekwa patsva neMweya, zvino vari kuisa maoko avo pamusoro pemumwe nemumwe, kuti vazvibanidze mumwe nemumwe, nekuraira kweNyu pamwe neShoko reNyu.

²⁰⁶ Zvino, Satani, hauchagona kuramba uchakabata vanhu vanorwara ava. Vanhu vari pasi peShoko raMwari. Buda mavari, hurwere huri mumutumbi wavo. Usavatambudza zvekare. Varege vaende vakasununguka, kubva manheru ano zvichienda mberi. Isu, sevaranda vaMwari, vakacherechedzwa kusimbisa Shoko, tinokuraira muZita raMwari mupenyu, Jesu Kristu Shoko rakaitwa nyama pakati pedu, buda muvanhu ava vanorwara, uye varege vaende, kuitira Humambo hwaMwari, uye nemurairo wakapihwa kwatiri naJesu Kristu Mwanakomana waMwari. Amen.

²⁰⁷ Vose vanotenda uye vanogamuchira kupodzwa kwavo, pasina kana mumvuri mumwe wekupokana, muno mukati mechidzitiro cheKubwinya kweShekina, kuti tione Shoko rakavimbiswa ratichapinda mariri richiwedzera vhiki rino, toRiona richiratidzwa pano pamberi pedu, ngatisimukei netsoka dzedu titi, “Iye zvino ndinogamuchira kupodzwa kwangu. Ndinotenda kuti Jesu Kristu zvino anondipodza. Nemoyo wangu wese, ndinozvitenda. Ndinozvigamuchira, muZita raJesu Kristu.” Mwari vakuropafadzei. Simudzai maoko enyu zvino. Uye mumwe nemumwe wenyu, nenzira yenyu pachenyu, Mupei kutenda nekuda kwekupodzwa kwenyu. Amen. 

64-0617 Kristu Akaziviswa Wemazera Ose
Municipal Auditorium
Topeka, Kansas U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org